Integrated multi-disease screening for TB-affected households in Zimbabwe

Principal Investigator: Dr Claire Calderwood MSc MRCP
Phone: +263 780981949

Uri kukokwa kupinda mutsvakurudzo.

Tinoziva vanhu vakawanda muZimbabwe vane dambudziko nehutano asi zvisingazivikanwe. Tsvakurudzo ino iri kutarisa kuti vanhu vangani vanogara mudzimba dzine vanhu vakabatwa TB vane matambudziko ehutano akaita sekudzikira kwemuviri kana dambudziko pakuona. Tinovimba ruzivo urwu ruchabatsira kugadzirisa mitemo inobatsira vanhu vanogara mudzimba dzine vakaita TB, kuti tidzikise njodzi yavo yeTB nekuvandudza hutano hwavo kuti huve huri nani.

Tiri kukukoka kuti upinde mutsvakurudzo ino nekuti unogara muimba ine munhu akabatwa TB. Unokwanisawo kunge wakapinda mutsvakurudzo yedu huru inonzi 'ERASE –TB'.

Kana ukabvuma kupinda mutsvakurdzo ino, tichakubvunza (kana mubereki/muchengeti wako) mimwe mibvunzo yehutano hwako. Tichakumbira kukuita ongororo dzakasiyana siyana dzematambudziko ezvehutano, tinenge takuudza kuti ongororo ndedzei. Unogona kuti hongu kana kwete kune chero ongororo yatinoda kukuita. Kana tsvakurudzo yapera tinogona kubata mubereki/muchengeti wako pafoni kana kusvika kumba kwenyu kuti tikupei zvinenge zvawanikwa muongororo(*ma results*). Zvichienderana nezvabuda muongororo(ma *results*), tinogona kukuudza kuti uonekwe nemumwe chiremba /mukoti , asi zvinongoitika kana tapiwa mvumo nemubereki/muchengeti wako.

Tinokutenda zvikuru nerubatsiro rwako, kupinda kwako mutsvakurudzo ino zvinogona kubatsira vamwe vanhu vakawanda. Haufaniri kupinda mutsvakurudzo kana usingadi. Chero nguva ipi zvayo, ukachinja pfungwa dzako pamusoro pemutsvakurudzo, tiudze. Hapana anokutsamwira kana ukati haudi kupinda mutsvakurudzo kana kuti ukachinja pfungwa usingachadi kuraba uri mutsvakurudzo ino.

Usati wasaina bepa rino, ndapota, bvunza chero mibvunzo yaungave nawo. Unogona kutora nguva yaunoda uchifunga kuti wopinda mutsvakurdzo here.

Mvumo yeapinda mutsvakurudzo (Mwana ane makore 10-12)
Ndaverenga (kana ndanzwisisa zvataurwa) ndikanzwisisa zvakanyorwa .Mibvunzo yangu yese yapindurwa zvakare ndabvuma kupinda mutsvakurudzo ino.

Zita reapinda mutsvaurdzo (print)	Siginecha /Fingerprint yeapinda mutsvakurudzo	Zuva
Zta remushandi wetsvakurudzo (print)	Siginecha yemushandi	Zuva

UCHAPIWA RIMWE GWARO RAKAITA SERINO KUTI UCHENGETE

Kana mune mimwe mibvunzo pamusoro petsvakurudzo ino kana kodzero dzenyu dzekupinda mutsvagurudzo kana kukuvara mutsvakurudzo kana kuti munofunga kuti hamuna kubatwa zvakanaka izvo zvirikunze kwemhinduro dzamawana kubva kumukuru wetsvakurudzo zvamunofunga kuti mungade kutaura nezvazvo kune vanhu vari kunze kwetsvakurudzo, makasungunuka kutaura neve Medical Research Council of Zimbabwe (MRCZ) parunhare runoti (242) 791792 or (242) 791193 nepanhare mbozha dzinoti 0784 956 128. Mahofisi eveMRCZ anowanikwa paNationa Institute of Health Research panosanga migwagwa inoti Josiah Tongogara naMazoe Street muHarare